

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan nya éta léngkah-léngkah sistematis nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun jeung nyindekkeun hasil panalungtikan, ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 22) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu nyoko kana usaha sangkan meunangkeun data ku cara neuleuman jeung maham kana kekecapan, sacara lisan atawa tulisan. Anapon hal nu ditalungtik leuwih jero, sangkan bisa nyangkem kana ma'nana.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif-analitik. Métode déskriptif-analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta atawa data-data nu satuluyna dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Udagan tina ieu métode nya éta saméméh ngalaksanakeun analisis kudu ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun gambaran sistematis atawa fakta-fakta nu aya dina objék nu ditalungtik. Objék nu ditalungtik nya éta kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri. Kalayan ngadéskripsikeun fakta carita (analisis struktural). Satuluyna hasil analisis dipatalikeun jeung bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA. Nurutkeun Semi (1992, kc. 38), aya sababaraha léngkah nu kudu dilaksanakeun dina panalungtikan kualitatif di antarana, saperti ieu di handap.

- 1) Nyusun konsép, panalungtik ngarumuskeun pasualan.
- 2) Ngumpulkeun bahan-bahan nu ngarojong kana panalungtikan.
- 3) Ngalaksanakeun panalungtikan, dina ieu léngkah panalungtik ngumpulkeun data, nyatet data, ngalaksanakeun panalungtikan, sanggeus data kakumpulkeun tuluy dikelompokkeun.
- 4) Ngadéskripsikan hasil panalungtikan, dina ieu léngkah dilaksanakeun analisis data, interprétasi, jeung ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, tuluy ngarumuskeun kacindekkan

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta gambaran atawa rarancang nu digunakeun pikeun panalungtikan, sangkan panalungtikan bisa dipigawé kalawan léngkah-léngkah nu puguh. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti bagan 3.1 ieu di handap.



Mohamad Iqbal Nurrohman, 2018

CARPON "KOPER" DINA KUMPULAN CARPON DUKUN LEPUS KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XI (ULIKAN STRUKTURAL)


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data primér dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carpon *Dukun Lepus* Karya Ahmad Bakri. Tina éta data, dianalisis laju dipaluruh struktur carpon nu nyangkaruk di jerona. Sabada dipaluruh ngeunaan strukturna laju dipatalikeun kana pangajaran aprésiasi sastra. Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh eusi carita nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data nya éta subjék data nu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu perkara, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*) jeung kertas atawa dokumen (*paper*). Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta data tina kertas atawa dokumén (*paper*), objékna nya éta kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri sarta buku-buku séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.1 Déskripsi Buku



Gambar 3.1

Anapon data dina ieu panalungtikan, eusi carita sagemblengna nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri kalayan idéntitas:

Judul : *Dukun Lepus*
 Pangarang : Ahmad Bakri
 Medat : Citakan ka-1, Juni 2002

Mohamad Iqbal Nurrohman, 2018

CARPON "KOPER" DINA KUMPULAN CARPON DUKUN LEPUS KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XI (ULIKAN STRUKTURAL)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Penerbit : PT Kiblat Buku Utama

Kandel Buku : 458 kaca

3.2.2 Biografi Singget Pangarang tina Buku *Dukun Lepus*

Ahmad Bakri lain waé kaasup pangarang Sunda produktif, tapi deuih kungsi meunang jujuluk pangarang favorit, dumasar kana hasil angkét majalah *Manglé* dina taun 80-an. Tangtu aya dasarna hasil angkét *Manglé téh*; karangan Ahmad Bakri boh carpon boh carnyam (carita nyambung) anu dimuat dina éta majalah loba anu mikaresep, malah sok kacida diarep-arepna.

Satamatna ti Sakola Rayat 3 taun, Ahmad Bakri neruskeun ka Schakel School (Sakola sambungan) di Ciamis. Meunang sawatara bulan kungsi masantrén di Genténg jeung di Sadéwa. Taun 1937, milu keurseur montir di Bandung, tapi teu kungsi tepi ka tamat. Ti dinya digawé di PTT, nepi ka jaman Jepang. Kungsi ngajar di SD Cicadas (1952), tuluy milu ujian persamaan SGB, ditéma deui ku KGA, anu sabada tamat diteruskeun ka B-1 Basa Sunda. Sanggeus ngantongan diploma B-1, Ahmad Bakri ditempatkeun jadi guru SPG Ciamis, nepi ka pangsiunna (1973). Tidinya terus diangkat jadi Kepala SPG Muhammadiyah Ciamis, tapi kalah ménta diturunkeun deui jadi Wakil Kepala, sabab hayang aya waktu anu laluasa pikeun ngarang.

Karya-karya Ahamad Bakri nu geus medal mangrupa buku di antarana:

- 1) *Payung Butut*
- 2) *Rajapati di Pananjung*
- 3) *Sanghiang Lutung Kasarung*
- 4) *Srangéngé Surup Mantén*
- 5) *Sudagar Batik*
- 6) *Mayit dina Dahan Jéngkol*
- 7) *Jurutulis Malingping*
- 8) *Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati*
- 9) *Ki Merebot*

Mohamad Iqbal Nurrohman, 2018

CARPON "KOPER" DINA KUMPULAN CARPON DUKUN LEPUS KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XI (ULIKAN STRUKTURAL)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data aya sababaraha hal nu digunakeun, nya éta téhnik ngumpulkeun data, téhnik nganalisis data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Luyu jeung métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, téhnik nu dipaké nya éta téhnik studi pustaka atawa talaah pustaka. Téhnik studi pustaka nya éta kagiatan néangan jeung ngumpulkeun data nu mangrupa data atawa informasi anu aya tina buku, dokumén, jurnal jeung sajabana, nu aya patalina jeung panalungtikan pikeun jadi tatapakan sacara tioritis. Sanggeus aya data tuluy dipaluruh pikeun néangan informasi ku cara maca buku sumber ngeunaan kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri, sangkan ngaréngsékeun pasualan nu aya dina panalungtikan. Dina téhnik ngumpulkeun data, aya sawatara léngkah, nya éta:

- 1) Milih data.
- 2) Maca kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri
- 3) Nganalisis data ku cara néangan fakta carita nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri
- 4) Nyieun instrumén évaluasi tina hasil panalungtikan.

3.3.2 Téhnik Analisis Data

Analisis data nya éta téhnik ngolah data ku cara ngagunakeun rumus jeung aturan nu saluyu jeung panalungtikan atawa désain nu digunakeun (Arikunto, 2013, kc. 281). Ari data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri ngagunakeun pamarekan struktural. Analisis data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta analisis struktural, analisis kritéria milih bahan ajar kana kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri.

Mohamad Iqbal Nurrohman, 2018

CARPON "KOPER" DINA KUMPULAN CARPON DUKUN LEPUS KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XI (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Nilik kana éta hal, saupama data geus kakumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta:

- 1) niténan deui data nu geus kakumpulkeun.
- 2) nganalisis struktural dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri.
- 3) ngainterprétasikeun jeung nafsirkeun sakabéh data nu nyampak dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri.
- 4) ngadéskripsikeun hasil analisis nu dijadikeun bahan alternatif pangajaran.
- 5) nyieun pedaran tina hasil analisis.
- 6) nyieun kacindekan tina hasil analisis nu kapanggih dina bahan pangajaran.

3.3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 262) instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawéna jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun kartu data. Instrumén kartu data digunakeun pikeun nganalisis unsur intrinsik (struktural) nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri.

3.3.3.1 Instrumén Analisis Struktural dina Kumpulan Carpon



Bagan 3.1
Kartu Data Struktural Kumpulan Carpon "Dukun Lepus"

3.3.3.4 Analisis Kriteria Milih jeung Nyusun Bahan Ajar

Table 3.1
Kriteria Milih Bahan Ajar

No.	Kriteria Milih Bahan Ajar	Kumpulan carpon <i>Dukun Lepus</i> karya Ahmad Bakri		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1.	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan nu hayang dihontal			
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna			
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélman			
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat murid			

3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis unsur langsung. Anu dianalisisna tina segi ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis jeung napsirkeun data kalawan gemet. Dina ngolah data perlu léngkah-léngkah ieu dihandap, nya éta:

- 1) Mariksa deui data nu geus dikumpulkeun.

Mohamad Iqbal Nurrohman, 2018

CARPON "KOPER" DINA KUMPULAN CARPON DUKUN LEPUS KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XI (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Nganalisis data nu geus dikumpulkeun, jeung
- 3) Ngadéskripsikeun, napsirkeun, jeung nyindekkeun data nu geus dipilih.